Dispozisyon Lwa sou Pwoteksyon Tibebe Abandone

Kesyon Moun Poze Souvan

Lwa sou Pwoteksyon Tibebe Abandone Eta New York la gen entansyon pou sove lavi ti bebe ki fenk fèt yo pa bezwen kote li pèmèt yon moun ki abandone yon tibebe evite responsablite kriminèl. Sepandan, moun nan dwe aji yon fason ki pa pral lakòz danje pou tibebe a.

Premye fwa yo te mete lwa sa a an plas se te mwa jiyè 2000 e li te amande nan mwa out 2010. Amannman yo retire responsablite kriminèl pou krim Abandon yon Timoun ak Byennèt yon Timoun lè yon paran, responsab legal, oswa lòt moun ki responsab legalman abandone yon tibebe nan kondisyon sa yo:

1) Tibebe yo abandone a pa gen plis pase 30 jou;
2) Moun ki abandone tibebe a gen entansyon pou mete tibebe a yon kote li pa pral blese epi yo pral pran swen li kòmsadwa:
3) Moun nan kite tibebe a ak yon moun ki apwopriye OSWA kite ti bebe a yon kote ki apwopriye epi imedyatman notifye yon moun ki apwopriye sou kote tibebe a ye; epi
4) Moun nan dwe gen entansyon abandone konplètman tibebe a kote li abandone responsablite ak dwa pou pran swen ak gen dat tibebe a.

1-866-505-SAFE
(1-866-505-7233)

Ki sa “yon kote ki apwopriye” vle di?

Yon “kote ki apwopriye” pa defini nan lwa a. Sepandan, lopital, estasyon polis ki gen anplwaye, ak estasyon ponpye ki gen anplwaye yo te konsidere kòm kote ki apwopriye depi lontan.
Nou rekòmande pou pwokirè konte distri ou a pou plis enfòmasyon sou ki lòt kote ki ka apwopriye nan zòn ou an.

Ki sa “moun ki apwopriye” vle di?

Lalwa pa defini "Moun ki apwopriye". Anjeneral, li refere a yon manm pèsonèl pwofesyonèl oswa lòt moun ki responsab nan kote y ap kite tibebe a.

Si yon moun kite yon tibebe avè m,

kisa mwen ta dwe fè?

Fè menm bagay ou t ap fè si lwa sa a pa te egziste:

► Si tibebe a nan detrès oswa si li bezwen swen medikal, chèche swen medikal imedyatman.

► Si pa gen pwoblèm medikal evidan, nou rekòmande pou w kontakte depatman sèvis sosyal konte ou (nan Vil New York, Administrasyon pou Sèvis pou Timoun) epi di yo ou te resevwa yon tibebe ki abandone. Yo ta dwe prepare pou pran gad timoun nan.
► Si se lè biznis fèmen epi depatman sèvis sosyal nan zòn lan pa gen moun k ap travay 24 sou 24 èdtan, kontakte Rejis Santral Eta New York sou Abi ak Move Tretman Timoun (liy abi sou timoun) nan **1-800-342-3720** epi di yo ou fèk resevwa yon tibebe abandone. Manm pèsonèl telefòn lan ap notifye anplwaye sèvis pwoteksyon timoun yo, ki pral pran gad timoun nan.

Èske Lwa sa a afekte responsablite mwen kòm yon moun ki oblije pote plent pou abi oswa move tretman timoun mwen sispèk?

Non. Ou ka pote plent nenpòt lè yo abandone yon tibebe epi ou sispèk se yon abi oswa move tretman timoun. Ofisye polis yo, anplwaye lopital ki angaje nan admisyon, egzamen, swen oswa tretman pasyan yo, ak tout lòt moun ki oblije pote plent yo ki oblije akonpli responsablite legal yo kòm moun ki gen obligasyon sa a epi pot plent la. Moun ki oblije pote plent yo dwe rele Rejis Santral pou Abi ak Mote Tretman Timoun nan tout Eta New York (liy abi sou timoun) nan **1-800-342-3720**, kit yo pa gen non oswa enfòmasyon pou idantifye tibebe a oswa moun ki abandone tibebe a. Y ap mete non moun yo pa konnen an kòm moun ki enkoni sou plent la.

Si yon moun kite yon tibebe avè m, èske mwen ta dwe jwenn yon non oswa lòt enfòmasyon pou idantify lie?

Yon moun ki abandone yon tibebe nan yon fason ki konfòm avèk lwa sa a pa oblije bay non li. Lwa Pwoteksyon Pwoteksyon Tibebe Abandone an ofri anonimite pou ankouraje moun ki abandone tibebe ki fenk fèt yo pou yo fè sa san danje.

Ki sa ki vle di pa "referans"?

Yo ka rele nimewo asistans telefòn tibebe abandone OCFS la gratis nan **1-866-505-SAFE (7233)** pou rekòmandasyon, enfòmasyon konsènan "kote ki apwopriye" pou kite yon ti bebe, oswa enfòmasyon pou kontakte depatman lokal nan sèvis sosyal yo.

Èd pou paran ki gen kriz

Si yon moun ki gen posiblite pou li vin paran oswa yon nouvo paran bezwen konsèy pou kriz, konsèy sou gwosès, oswa sèvis sante mantal, nimewo sa yo ka itil:

- **National Suicide Prevention Lifeline (Liy Dirèk Nasyoanl pou Prevansyon Swisid):** 1-800-273-TALK (1-800-273-8255)
- **National Runaway Switchboard:** 1-800-RUNAWAY (1-800-786-2929)
- **2-1-1** (Rekòmandasyon, disponib nan anpil zòn nan eta a)
- **3-1-1** (Rekòmandasyon, Vil New York sèlman)
- **LIFENET** (pou rekòmandasyon pou sante mantal nan Vil New York)

1-800-LIFENET (1-800-543-3638) (Angle)
1-877-AYUDESE (1-877-298-3373) (Panyòl)
1-877-990-8585 (Koreyen, Mandaren, Kantonè)
1-212-982-5284 (TTY/TDD pou moun ki mal pou tande)

- **Planned Parenthood:** 1-800-230-PLAN (1-800-230-7526)

www.plannedparenthood.org

- **Liy Èd pou Paran nan Prevansyon Timoun Abi New York:** 1-800-CHILDREN (1-800-244-5373)

Opsyon nan Adopsyon an

Si yon moun abandone yon tibebe nan yon fason ki konfòme ak lalwa epi moun sa a di li ta renmen plase timoun nan pou adopsyon, mete li an kontak ak Depatman Sèvis Sosyal konte a (nan Vil New York, Administrasyon pou Sèvis Timoun) oswa yon ajans adopsyon prive (volontè ki disponib).

W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte moun sa yo nan yon anyè telefòn oswa sou sitwèb OCFS la:

http://ocfs.ny.gov/adopt/agcymenu.asp

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

"... ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt pou timoun nou yo, fanmi nou yo, ak kominote nou yo ... "

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, NY 12144
Ale sou sitwèb nou nan:
http://ocfs.ny.gov

Pou jwenn enfòmasyon sou kote ou ka kite yon tibebe san danje selon Lwa Pwoteksyon Timoun Abandone a rele:
1-866-505-SAFE (1-866-505-7233)

Pou jwenn enfòmasyon sou gadri, swen nan fanmi plasman oswa adopsyon, rele:
1-800-345-KIDS (1-800-345-5437)

Pou pote plent konsènan abi ak neglijans timoun ou sispèk, rele:
1-800-342-3720
1-800-638-5163 (TTY / TDD)

Pou enfòmasyon konsènan sèvis pou moun ki avèg, rele:
1-866-871-3000
1-866-871-6000 (TTY / TDD)

Ann akò ak Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la, Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la ap mete materyèl sa disponib sou demand sou yon fòma adapte.

Piblikasyon 4749 (Rev. 10/2016)

Lwa Sou Pwoteksyon Timoun Abandone:

Gid pou Sante ak Sekirite Pwofesyonèl